



Broward County Public Schools RANTRE LEKÒL Fòm Kat Enfòmasyon Elèv & fòm Liv Kòd Kondwit pou Elèv sou sit Entènèt

KESYON MOUN POZE SOUVAN

1. Kijan mwen ka jwenn aksè nan fòm-yo sou Entènèt?

Vizite sit: <http://www.browardschools.com/backtoschool-onlineforms>

2. Ki avantaj ki genyen si m itilize sou sit sa fòm Rantre lekòl Kat enfòmasyon elèv nan ka ijans ak moun ki kontak epi fòm Liv Kòd Kondwit pou Elèv parapò a fòm sou fòma papye?

Fòm anliy (online) fasil epi pratik pou ou konplete. Yon fwa ou soumèt fòm-yo, fòm-yo vin aksesib pi ta pou konsilte kòm referans. Pou fanmi ki gen plizyè timoun, k ap frekante lekòl piblik Broward County, gen kèk enfòmasyon ou va bezwen antre sèlman yon sèl fwa.

3. Kijan done ak enfòmasyon mwen antre sou fòm-yo nan sistèm-la pwoteje?

Tout done-yo sekirize epi estoke nan baz done Distri a. Baz done-a pwoteje.

4. Ki kote mwen ka jwenn nimewo idantifikasyon elèv (*student identification number*) pou pitit-mwen?

Mande lekòl-la ba-ou nimewo idantifikasyon elèv pitit-ou oswa ou ka jwenn nimewo a sou kanè (report card) resan lekòl piblik Broward County voye lakay-ou.

5. Èske mwen ka enskri (anrejistre) yon nouvo elèv?

Gen yon pwosesis apa ou ka swiv pou w enskri yon nouvo elèv. Tanpri kontakte lekòl pitit-ou pou w konnen fòmalye enskripsyon pou nouvo elèv oswa vizite sit www.browardschools.com epi klike sou "Register My Child in School" (Enskri pitit-mwen lekòl).

6. Kilè pou m retounen fòm rantre lekòl (Back to School forms)?

Ou dwe retounen fòm-yo nan 3 – 10 jou, konte apati premye jou lekòl louvri oswa apati dat anwolman elèv-la.

7. Èske y ap retire pitit-mwen nan lekòl-la si m pa retounen Fòm rantre lekòl nan delè ki prevwa?

Pitit-ou va rete nan lekòl-la. Tanpri kontakte lekòl pitit-ou si gen reta pou soumèt fòm-yo.

8. Si gen kesyon mwen pa ka reponn, èske mwen ka sote keksyon-sa-yo?

Gen seksyon ki obligatwa sou fòm-yo ki anliy; ou dwe reponn keksyon-sa-yo pou ou ka konplete pwosesis-la. Si ou ta renmen poze kesyon sou seksyon ki obligatwa, kontakte lekòl pitit-ou.

9. Èske mwen ka konplete fòm-yo anliy, yon pati alafwa?

Wi. Yon fwa ou inisyè pwosesis konplete fòm-yo sou Entènèt, ou va resevwa yon imel ki gen ladann yon lyen (link), ki va ba-ou aksè nan fòm pitit-ou. Touotan ou pa klike sou soumèt "submit," pou endike ou fini ak pwosesis ranpli fòm anliy, ou ka kontinye konplete fòm-yo anliy, nenpòt lè.



Broward County Public Schools

RANTRE LEKÒL

Fòm Kat Enfòmasyon Elèv & fòm Liv Kòd Kondwit pou Elèv sou sit Entènèt

10. Kisa pou m fè si mwen pa wè nan imel mwen lyen (link) ki va pèmèt mwen jwenn aksè nan fòm pitit-mwen sou Entènèt?

Tanpri tcheke katab, "spam" *folder* pou ou asire w founisè Entènèt ou pa bloke imel-ou ki soti nan adrès elektwonik bcpsmobile@browardschools.com.

Otreman, kontakte lekòl pitit-ou.

11. Kijan mwen ka korije yon erè apre mwen fin soumèt fòm-yo sou sit Entènèt-la?

Apre ou fin klike sou "soumèt" ("submit,") ou pap kapab chanje enfòmasyon ou te antre sou fòm-yo. Kontakte lekòl pitit-ou si ou ta vle fè yon mizajou enfòmasyon apre ou fin soumèt fòm-yo sou sit-la.

12. Èske mwen ka mete ajou enfòmasyon-mwen kèk mwa apre?

Non. Pou tout chanjman nan enfòmasyon-ou, tanpri kontakte lekòl pitit-ou.

13. Yon fwa mwen klike sou bouton soumèt (submit button), kisa k'ap rive apre?

Ou va resevwa yon konfimasyon pa imel epi nou va notife lekòl pitit-ou.

14. Èske m ap kapab wè tout fòm mwen konplete anliy nenpòt lè?

Wi, ou va kapab wè epi enprime fòm-yo, jan ou vle.

Itilize lyen (link) ki nan konfimasyon imel ou te resevwa a, klike sou bouton "Forms" (Fòm), ki anlè adwat sou ekran-an pou w ka gade tout fòm ou kapab enprime.

Pran nòt: Si pat gen okenn enfòmasyon, ki te konplete sou yon fòm espesifik, lyen pou fòm-sa-a pap parèt ditou sou ekran-an.

15. Mwen soumèt fòm-yo sou sit Entènèt-la, epi mwen deside chanje lekòl, ki sa pou m fè kounyea?

Yon fwa fòm-la te fin soumèt, paran oswa gadyen dwe kontakte lekòl pitit-li si ta gen chanjman nan enfòmasyon-an.

16. Kisa k ap rive si mwen-menm ak yon lòt manm fanmi-m deside soumèt fòm-yo anliy san lòt la pat konnen?

Yon sèl gwoup fòm kapab soumèt anliy pou chak timoun.

Sistèm-la va detekte tout sa ki an doub, epi yon mesaj otomatik va parèt sou ekran-an pou enfòmè paran oswa gadyen pitit-la enskri (anrejistre) deja.

17. Èske tout fòm rantre lekòl (Back to School forms) disponnib pandan tout ane-a nètale?

Aplikasyon a disponnib diran tout ane-a.

BED<HC#273/is/07/18>